Ассаламу гIалайкум!

# ЛъаратIа

ГАЗЕТА «ТЛЯРАТА»

ЛъаратIа районалъул газета

№ 9-10
август - сентябрь
2022 с.
РАБИГIУЛ АВВАЛ
1444 х
Багьа 20 гъ.

Газета биччала моцIида жаниб цо нухалъ.

*Лъай кьеялъул данделъи*

## ЛъаратIа августалъул совещание тIобитIана






**Августалъул 29 къоялъ ЛъаратIа администрациялда тIобитIана щибаб лъагIалида гьабулеб мугIалимзабазул данделъи. Гьенир гIахьаллъана районалъул хIакимзаби, лъай кьеялъул идараялъул хIалтIухъаби, мугIалимзаби ва цоги жавабиял хIалтIухъаби. Гьениб гьоркьоб лъуна росабалъ школазда лъай кьеялъул хIалтIи цебетIезабиялъул суал.**

Районалъул бетIерасул заместитель МухIамад МухIамадгIалиевас жиндир докладалда бицана, кинаб хIалтIуде ва цере чIарал масъалабазде кIвар буссинабице кколеб тIоцебе. Гьесул пикруялда рекъон, хIукуматалъ тIалаб гьабулеб буго кIварабгIан цIикIун школазда электроникияб хIалтIул къагIида цебетIезабизе. Гьелъие шартIал чIезаризе кколила районалъул нухмалъиялъ.

«Жакъа тIолабго улкаялда киса – кибего аслияб хIалтIул хIасил бихьизабулеб буго электроникияб къагIидаялъ, интернеталъулкумекалдалъун. Нилъеца киналго школазда, ясли – ахазда ва цоги лъай кьеялъул учреждениязда чIезабизе ккола интернет, техника ва лъай кьеялъул министерствоялъ тIалаб гьарурал хасал программаязда рекъон хIалтIизе ккола. Гьелъие гIоло районалъул щибаб росулъе бачун буго «Ростелеком» компаниялъ интернет. ХутIарал шартIал чIезаризе тIадаб буго районалъул нухмалъиялда ва школазул директорзабазда».

Гьебго пикру загьир гьабуна районалъул лъай кьеялъул идараялъул нухмалъулев Рамазан Къурбановас. Гьесул рагIабазда рекъон, гьанжелъагIан рукIарал гIунгутIаби тIагIинаризе кколила цIияб къагIидаялъ хIалтIи гьабиялъ. ЦIикIун кIвар кьезе кколила школазда ремонтал гьариялде ва методический централъул хIалтIи цIигьабиялде. Гьединал масъалаби лъун ругила 2023 соналде.

« Лъай кьеялъул идараялъ цIияб цIалул лъагIалиде, тIоцере хIадур гьаризе руго киналго школал ва ясли – ахал хIукуматалъул тIалабазде. ЦIалул ва тарбия кьеялъул хIалтIуде буссинабизе буго цIикIун кIвар. Киналго мугIалимзабаз кьезе руго хасал экзаменал, хIалтIи лъаларев мугIалим нахъе ине вуго хIалтIудаса. Заманаялъ хIадурлъизе руго ОГЭ ва ЕГЭ кьолел къоязде, хал гьабизе буго школазда ругел библиотекабазул, цIалдохъабазе чIезаризе руго киналго тIухьдул, киналго хIалтIизе руго хIукуматалъул «Моя школа» абураб хасаб программаялда рекъон. Гьелъ рес кьолеб буго мугIалимзабазе ва цIалдохъабазе хIалтIи ва цIали бигьалъизе. Гьеб кинабго бараб буго школазда интернет ва техника чIезабиялда» - ян абуна Рамазан Къурбановас.

«Моя школа» абураб хасаб программа хIалтIизабизе буго хIукуматалъул 15 регионалда. Гьеб букIана 2020 соналъ Россиялъул правительствоялъул председатель Михаил Мишустинил тIадкъай. Гьелъ рес кьолеб буго улкаялда киса кибего бащадаб къагIидаялъ лъайкьей цебе тIезе. Гьеб программа хIалтIизабизе рес буго лъай кьеялъул хIалтIухъабазе, мугIалимзабазе, цIалдохъабазе ва родителазе.

Гьениб жаниб уна электронный журнал, электронный дневникал, табелал, цIалдохъабазе кьурал заданиял, дарсал ва цоги хъвай – хъвагIаялъул хIалтIи.

Данделъиялъул ахиралда батIи – батIиял грамотаял, шапакъатал кьуна тIадегIанаб даражаялда хIалтIи бихьизабурал мугIалимзабазе.

*Росдал магIишат*

## Хаслихълъиялде хIадурлъи





**ЛъаратIа райадминистрациялда тIобитIараб данделъиялда гьоркьоб лъуна хаслихълъиялде лъай кьеялъул ва цоги учреждениял хIадурлъиялъул суал. Гьенир гIахьаллъана районалъул хIакимзаби, лъай кьеялъул ва сахлъи цIуниялъул хIалтIухъаби.**

Сентябралъул 27 кьоялъ ЛъаратIа райадминистрациялда тIобитIараб совещаниялда аслияб суал букIана хаслихълъиялде киналго хIукуматалъул учреждениял, идараби хIадурлъизари. ТIоцебе кIвар буссинабуна районалъул нухмалъиялъ киналго идарабазул минаби хасало хинлъизариялъе кинал шартIал гIуцIун ругелали.

Районалъул ЖКХялъул нухмалъулев Ильяс ИманмухIамадовас баян кьуна гьеб суалалда хурхун. Ильясил рагIабазда рекъон, цIияб 2022-2023 цIалул соналде хIадурлъи унеб бугила тIадегIанаб даражаялда.

« Гьале байбихьун буго цIияб сезоналде хIадурлъи гьабизе. Нижер идараялъ бихьизабун буго кигIанаб къадаралъул цIул – гIучI чIезабизе кколеб щибаб идараялъе ва кигIанаб тIурччи. Районалъул финансовияб нухмалъиялъухъе щвезарун руго киналго документал ва гьелда рекъон биччазе буго хинлъи кьеялъе къваригIараб гIарац. Нижер хIисабалда гьеб хIалтIуе квал – квал букIине кколаро» - ян абуна Ильяс ИманмухIамадовас.

Районалъул бетIер МухIамад ГIабдулаевас кIвар буссинабуна жамагIаталъ бухIараб токалъул налог бакIариялде. Гьесул рагIабазда рекъон, гIемераб буго халкъалъ кколеб къагIидаялъ бухIараб токалъухъ гIарац кьеялда бараб жо.

«Халкъалъ заманаялда хIукуматалда цере ругел налъаби тIуразаруни, районалъул нухмалъиялъе бигьаяб букIуна цоги шартIал чIезаризе. Токалъухъ гIарац кьезе ккола щивав чияс, щибаб идараялъ. Нилъеца исана хисизе буго анцухъ цIияб трансформатор, гьоркьиса хасало гIадин токалъул гIунгутIи тIагIинабизе. Районалъул нухмалъиялъ бажарараб хIаракат бахъулеб буго гьеб суал рагIалде бахинабизе» - ян абуна МухIамад ГIабдулаевас.

*Нилъер захIматчагIи*

# ЗАХIМАТАЛЪ ЛЪЛЪАДАРАРАВ, ХIУРМАТАЛЪУЛЪ ВУЦАРАВ



**Абухъего гIумруялъул къисматги гьеб гьабизе заманги тIаса бищизе лъиениги рес кколаро. Гьелъулъ буго гIаммазего кьураб цо бащалъиги.**

Аммаха ращалъи дунялалда гьечIо, кигIанго бокьаниги. Цоязе гьеб кьун буго гIадамалги бахилаб рохелги гIемераб, цогидазе захIматаб, рахIму - цIобалде ккараб ва гурхIизе тIамулеб. ГIемерисел абуни гьединазда гьоркьорехун ккола ва гIемериселъ кьисмат жидерго гIадлуялдаги, гIаданлъиялдаги, яхI - намусалдаги, хIаракаталдаги цогидал лъикIал ялъуни, гьелъул гIаксалда, квешал гIамал - хасиятазда рекъараблъун батула.

Гьединлъидал бижун батизе ккола, нилъер гIумрудул къисмат нилъедаго бараблъун букIунилан абиги.

Абизе бигьаяб ва битI ккараб букIинчIо ЛъаратIа районалъул Ташиб мухъалъул Жажада росулъа ГIукъбатов Алхасил гIумру. БатичIо гьесда гьеб тIубанго талихIаблъун, хIатта живго киналдасаго разияв ва вижарас кьуралла рекъарав, бихьизабураб хIехьезе хIадуравги чи вукIаниги. Бищунго аваданаб гIужалда, гIолохьанлъиялде вахунаго хвана Алхасил эбел (м. ч.) Хухуч, хутIана бесдалго. Хъизанальул ургъел ва агъаз тIубанго инсуде рехун течIо гIолилас. Гьес борчана яхIалъул ва чилъиялъул къолден, къо хIехьана, яхI бахъана хъизаналда ками лъазе биччаларилан. 15 сон барав Алхасица хисана магIарда гIияда вукIарав эмен ДархIаги, тана гьев хъизаналъул тIалабалда рокъов, босана вехьасул тIил ва бана рачлихъ ханжарги мадаркаги .

Гьеб букIана цохIого цо захIматалъул гIумру байбихьиялъе гьесие батараб нух ва гьеб нухде Алхасги таваккалго лъугьана. ХIалтIизе лъугьана, Ташисезул мугIрул жидер гIияца ккураб, Гъуниб районалъул Сугъралъ росдал гIияхъанлъун. ХIинкъичIо гьев гьеб бигьаяб гуреб захIматалдаса ва вахъана лъикIав, гIадамаз жиндир хIурматги гьабулев гIи - боцIул мацIги лъалев вехьлъун. Гьеб хIалтIиялъ, ай гIолохьанав Алхасил бажариялъ рес кьуна, эбел камураб хъизан рес гьечIолъи ва къварилъи лъазе биччачIого хьихьизе.

Доб букIана 1985 сон, СССРалда цIигьабун гIуцIи байбихьараб ва кинабго рахъ биха - бичизе лъугьараб заман. Кинабго гьебги абизегIан рагIичIо Алхасил хъизаналда, гьезул гIумру - яшав гIуцIулеб букIана вехьасул захIматалдалъун. АнцIго соналда жаниб гьес гьабуна хъизанги, гIезаруна яц - вацалги, гIурмуялде ритIана гьелги ва хIалтIизе лъугьана ЛъаратIа районалъул нухазулаб отделалде, бакIазда нухазул тIалаб гьабулев чилъун ва гьале анцIила анкьго соналъ гьес ракI бацIадго хъулухъ гьабулеб буго Ташиб участкалъул шагьраялъе. Абизе бегьула гьебги бигьаяб хIалтIи гурин, магIарухъ шагьра нух бацIадго ва гьецIо – ракьалдаса, ччукIелал - ихалдаса цIунун букIинаби - бакIкIаб ишги бугин. Алхасил тIалабалда бугеб, Мазада ва Начада росабазул администрациязул росабалъ нухал кидаго камилго хьихьун рукIуна. Гьелъухъ Алхасие тIолазго загьир гьабула баркала, нузда кодоб газа - белгун ватидал гьабула рецц - бакъги кьола ракI- ракIалъ саламги.

Алхасил буго хIал рекъараб ва гьуинаб хъизан. Гьесие талихIалъ лъикIай щвана гIумруялъул гьудул Зулмира. Кидаго гьурмада гьимиги камуларей, росасул хъатирги цIунарай гьей магIарулалъул рокъоб кидаго букIуна гьоболасе квенги гьабула хIурматги. Гьалбалги гьезухъ камуларо. Нухазул хIалтIи тIубазабизе ахIараб техникалъул хIалтIухъаби - трактористал, бульдозористал ва цогидалги рокъоре рачичIого ва хIурмат гьабичIого къанагIатги хутIуларо. Гьалбадерие кьуралъул кири ва рукъалъе баракат бахиги букIунеблъи кидаго ракIалдаса унаро аваданаб аа гIадамал хирияб Алхазил хъизаналда. Гьелъухъги букIуна гьезие кIудияб баркала.

Бокьун буго нижер росабазул гIадамазул рахъалдаса гьаризе Алхасие ва гьесул хъизаналъе дунялалъул талихIги, ахираталда батулеб кири гIемерлъиги, гIемераб рохел - аваданлъиги.

**ГIабдуллагь МАЖИДОВ,**
**Начада росу**

# ЛЬГОТЫ, ПРЕДОСТАВЛЯЕМЫЕ МОБИЛИЗОВАННЫМ

**Денежное содержание военнослужащего, участвующего в специальной военной операции (далее - СВО), составляет не менее 195 000 рублей в месяц. Итоговая сумма зависит от воинского звания, занимаемой воинской должности и дополнительных стимулирующих надбавок.**

Мобилизованным присвоен статус военнослужащих, проходящих военную службу по контракту. Соответственно, им положены те же самые льготы.

Это бесплатный проезд, продовольственное и вещевое обеспечение, жилищное обеспечение, обязательное государственное личное страхование, преимущественное право на поступление после увольнения в учебные заведения высшего и среднего профессионального образования, а также дополнительные социальные гарантии военнослужащим, принимающим участие в СВО.

***Кроме того, участники СВО получают статус ветерана боевых действий, который предусматривает дополнительные льготы.***

## Коммунальные:

· компенсация платы за наем и содержание жилого помещения в размере 50%. Это касается услуг по управлению жилым домом, содержания и ремонта общего имущества в многоквартирном доме, а также взноса на капремонт.

## Налоговые:

· освобождение от уплаты налога на имущество: квартиру, дом, гараж;

· освобождение от уплаты земельного налога с шести соток. Его начисляют только с превышения этой площади.

## Медицинские:

· после выхода на пенсию ветераны могут обслуживаться в тех же поликлиниках и больницах, к которым были прикреплены в период службы;

· оказание медицинской помощи в рамках программы госгарантий вне очереди.

## Трудовые:

· возможность брать ежегодный отпуск в удобное для них время. Право на отпуск без сохранения заработной платы сроком до 35 дней;

· дополнительный оплачиваемый отпуск 15 календарных дней в дополнение к основному;

· возможность получить дополнительное профессиональное образование;

· ежемесячные выплаты и доплаты к пенсии;

· ежемесячная денежная выплата в размере более 3000 рублей по состоянию на сентябрь 2022 года;

· пенсия за выслугу лет, по инвалидности или потере кормильца увеличивается на 32% от размера социальной пенсии.

**По вопросам частичной мобилизации обращайтесь по телефону:**
**8 (8722) 67-33-25**
(с 9.00 до 20.00)

МВД России

**МИНИСТЕРСТВО ВНУТРЕННИХ ДЕЛ ПО РЕСПУБЛИКЕ ДАГЕСТАН (МВД по Республике Дагестан)**

ул. Дагестанская, 101, с. Тох-орда,
Тляратинский район, 368420

05.09.2022г. № 36/4092

на № ________ от ________

Главному редактору
районной газеты «Тлярата»
Раджабову Р.А.

368420, с. Тлярата Тляратинский
район РД

О направлении информации

Уважаемый Расул Абакарович!

Направляем Вам информацию о том, что в рамках проводимой в ОМВД России по Тляратинскому району инспекторской проверки руководителем комиссии МВД по Республике Дагестан – главным инспектором Инспекции Штаба МВД полковником внутренней службы Магомедовым Магомедом Домалаевичем, 16.09.2022 года, в период времени с 10 до 16 часов будет осуществлен прием граждан района по вопросам служебной деятельности отделения МВД России по Тляратинскому району.

На прием можно предварительно записаться по номерам телефонов: 8-965-491-96-99 и 55-78-15.

При себе иметь паспорт.

В целях осведомления жителей района просим данную информацию разместить в ближайшем номере газеты «Тлярата».

Начальник ОМВД России
по Тляратинскому району
подполковник полиции — А.Д. Тинамагомедов

Исп. Халилов Х.Г.
Тел. 99-65-74

*Литературияб бокIон*

# Халит – дибирасул къиса

**Квачараб октябралъул сардилъ, Белъелда абураб росулъе щола цо чи. Нухда данд чIварав васасда абула гьес : « Дов Эмемасул вацасул вас ГIалил рукъ бихьизабе дида» - абун. Васас цIехола – «ЩекIав ГIалийищ?» - абун. Уян жаваб кьола гьоболас. Васас гьоболасда ЩекIав ГIалил рукъ бихьизабула. Цо чанго соналъ цебе гьев гьобол росулъе вачIарабго, киназего кутакаб рохел букIана.**

Киназго абулеб букIана Халит – дибир вачIун вуго гIелму малъизе абун. Гьаб нухалъ абуни, гьоболасе жив росулъе вачIаравлъи лъазецин бокьичIо. Гьелъ гьев къаси вачIун вукIана росулъе. Гьел рукIана 1930 абилел сонал. ГIараб гIелму цIаларал гIалимзабазда тIад михир бачунеб замана. ГIалица гьобол лъикIго къабул гьавула. Гьесда лъана тIаде вачIарав гьобол жиндаги, Эмемасдаги, Шамсудинидаги, ДибиргIалиласул МухIамадидаги гIараб гIелму малъарав, Рилъаб росулъа Халит – дибир вукIин. Большевиказ гIараб гIелму цIаларав чи вукIун рахIат толарого цIоралде унев.

Сордоялъ хабаралда рукIуна гьел, ракIалде щола цересел сонал. Бицуна Эмемасул, гьесул къисматалъул. Радал рахъарабго ЩекIав ГIалил лъади Марияница бицуна: «Гьав чи вугев кIудияб черхалъул, рицатал гъуждузул цо гIи бечIчIизе, гIияхъанлъи гьабизе рекъарав чи» - абун. Гьеб хабаралда ракI рекъечIев ЩекIав ГIалица бадирчIваял гьарула лъадуда ва бичIчIизабула гьев вугила гIелмудул ралъад, гIемерал чагIазда гIараб гIелму малъарав. Хадусеб къоялъ гьоболас абула: «Дир лъимал, дун нужода тIокIав вихьиларо. Гьаб назмуги нужее дун ракIалде щвеялъе» - абун цIалула гьес назму. Гьале гьеб назму.

**ЦIоб гIатIидав Аллагьас, лагъасул хIал бихьизе,**
**Сурараб балагь бачIун, цо заманалъ хутIула.**
**Цинги хадуб гIатIилъи тамашагун бачIуна,**
**ГIакълу камилав лагъас балагь гьудуллъун ккола.**
**Черхалдехун бачIани, сабру гьабун цIунула,**
**Рукъалдехун бачIани, тахида лъун хьихьула.**
**Чан гIалим, чан авараг балагьазулъ рукIарал,**
**Хадуб гIатIилъи бачIун ракIал гъезе гьарурал.**

**ГIузру цадахъ букIаго юсриги букIунарин,**
**Къуръан – хIадис наимун сабру камилаб гьабе.**

**Къуръаналда гIамал тун, гIадамал хьваданиги,**
**ГIелмуялда балагьун гIумру ине гьабила,**
**Гьаб дунял динлъунги ккун, киналго хьваданиги,**
**Къуръан хъварал авракъал**
**къвалакьги ккун хьвадила.**

**ХIабибасул нух ккевзе хIалай чи щвечIониги,**
**ХIадис хъварал кагътазда керен чучун вукIина.**
**Гьелда керенги чучун чIезе квербакъе Аллагь.**
**Ахир нижей ватулев Мун гурони гьечIелъул,**
**Гьаб пасатаб умматулъ дун къосизе виччаге.**

**Духъе кIанцIаращинал щулатго кколев Аллагь,**
**Щулат гьабун цIунун те, нижер имангин ислам.**
**Дур нухдасан хъущтIилин**
**хIинкъун ругел нижее,**
**ХIакъаб куцалъ кумек кьун,**
**хвасар гьаре БетIергьан.**

Кинаб къисмат Халит – дибирасул ккараб, тIокIаб гьеб лъалев чи гьечIо. Росулъ лъималазда гIараб малъулеб букIана ЩекIав ГIалица. ХIинкъараб заманги букIун рехун тезе ккана гьес гIелму малъи.

Гьевго гIадин цIаларав, Халит – дибирас малъарав чи вукIана Эмемавги. Гьев вукIана батIи – батIияб бакIазда Закаталаялда, Сугъралъ, Къорода гIелму цIаларав гIалимчи. МацIихъабаз мацIалги гьарун гьев туснахъ гьавула. Туснахъалдаса тIад вуссулаго унтула ва хола. ЧIарада районалъул Рилъаб росдал хабалалъ вукъула.

Гьесул хабада зияратги буго. Бесдал хутIула Эмемасул лъабго лъимер. Вищун кIудияв вас МухIамад ветеринарияб техникумалда цIализе лъугьула ва багIараб дипломги щун, тIокIлъиялда лъугIула цIали. Техникумалда цIализе лъугьарав Эмемасул МухIамадида гIурус мацI лъалеб гьечIин, гьев гьениса нахъе къотIизе къасд тIамула цо лъарагIас. Техникумалъул кIалтIа пашманго гIодов чIарав МухIамадида тIаде щола цо магIарулав. Гьес МухIамадида гьикъула щай пашманго вугев абун. МухIамадица бицуна ккараб иш.

ТIоцеве вихьарав магIарулас кумек гьабула МухIамадие цойги кIиго моцIалъ халат бахъизе цIали. Гьеб кIиго моцIида жаниб МухIамадица ккола жиндирго группаялда тIоцебесеб бакI ва техникум лъугIула багIараб дипломги босун.

Рагъ байбихьарабго гьев фронталде ахIула. МухIамадие гIакълу кьолеб букIанила гIагарал чагIаз, дир эменги хун вуго рукъ хьихьизе чи гьечIо ян абе военкоматалда, мун эркен гьавила рагъудаса. МухIамадица абун буго: « ЦIализе унеб мехалъ абичIо дица гьеб, гьанжеги абиларо» - ян. Рагъде арав МухIамадги араб бакI лъачIого тIагIуна. Гьесул гьитIинав вац Башир хIалтIана гIемераб мехалъ колхозалда зав отделлъун, кIудияв вехьлъун. Гьес росулъ гIемерал лъималазда малъана Къуръан цIализе.

1994 соналъ борхана гьес хIеж ва 1999 соналъ хвана.

Эмемасул яс Загьрат йикIана гIакълу – лъай бугей лъикIай чIужугIадан. Бокьараб бихьиназулги, руччабазулги ретIел гьабизе махшел букIана гьелъул. Загьратицаги малъана гIемерал росдал ясазда Къуръан цIализе.

Загьрат хвана 1994 соналъул 9 маялда.

**МухIамад ГIАЛИЕВ.**
**Джурмут гьоркьохъеб школалъул мугIалим**

*Будьте осторожны!*

# Как избежать пожара в школе



**1. Необходимо всему персоналу образовательных учреждений и учащимся соблюдать правила пожарной безопасности.**

2. Необходимо следить за тем, чтобы на территории школы не скапливались различные горючие отходы (мусор, старые парты, столы, стулья, сухие листья и т.д.). При пожаре этот легкогорючий мусор будет способствовать распространению горения на школьные постройки.

Иногда после очистки прилегающей к школе территории от опавших сухих листьев их сгребают в кучи. Раньше их сжигали, что вело к пожароопасной ситуации: тлеющие листья ветром могло занести на кровлю здания или в слуховые окна, с образованием очагов горения. В соответствии с законодательством сжигание листвы и мусора запрещено, т.к. помимо создания пожароопасной ситуации это ведет к повышению углекислого газа в воздушной среде, усилению парникового эффекта и глобальному потеплению. (Федеральный Закон № 89 от 24.07.1998 г. «Об отходах производства и потребления).

3. Не менее важно осуществлять контроль за состоянием дорог, проездов и подъездов к школьным зданиям, следить за тем, чтобы они не загромождались автотранспортом, а в зимнее время регулярно очищались от снежных заносов и льда. Делается это для того, чтобы пожарные автомобили имели возможность беспрепятственно проехать на территорию школы.




4. Если пожар принял большие размеры, пожарные используют местные водоисточники: водоемы, пруды, резервуары, водопроводы с сетью пожарных гидрантов. За этими водоисточниками должен быть обеспечен соответствующий досмотр и уход.

Необходимо следить, чтобы крышки смотровых колодцев подземных пожарных гидрантов не были засыпаны землей и мусором, покрыты льдом и снегом, а на стене ближайшего строения был указательный знак гидранта с цифрами, обозначающими координаты расположения гидранта относительно строения.

## Порядок эвакуации из образовательных учреждений

В каждой школе разрабатывается и вывешивается на видном месте план эвакуации людей при пожаре.

Если в школе возникло загорание необходимо, в первую очередь, вызвать пожарную охрану и быстро организовать эвакуацию всех школьников. Малейшая растерянность, паника могут привести к непоправимым последствиям.

В плане эвакуации отражают вопросы оповещения педагогов и учащихся.

Практика показывает, что при пожаре не всегда удается вывести людей наружу по лестницам. Нередко люди спасаются, выходя на крышу здания.

Кроме маршрутов движения, обозначают места нахождения ручных пожарных извещателей, огнетушителей, пожарных кранов, других средств противопожарной защиты, телефонов.

Графическую часть плана эвакуации в рамке под стеклом вывешивают на видном месте, обычно при входе на этаж. Текстовая часть плана эвакуации утверждается руководителем объекта и представляет собой таблицу, содержащую перечень действий при пожаре, их порядок и последовательность, должности и фамилии исполнителей.

Предписываемые действия должны быть тщательно продуманы и конкретно указаны.

При пожаре нужно в считанные минуты попытаться оказаться на улице или хотя бы в помещение, где есть возможность дышать свежим воздухом. Интенсивное образование продуктов горения (дым, пары) и быстрое их распространение по помещениям и путям эвакуации происходит уже в начальной стадии пожара. В этой ситуации концентрация СО предельно опасна для человека, когда достаточно нескольких вдохов, чтобы потерять сознание.

Передвигаться сквозь густой дым (при видимости менее 10 метров) можно только в том случае, если вы уверены, что расстояние небольшое и вы сможете задержать дыхание на этой дистанции, а также не потеряете ориентировку и не зацепитесь за что-то одеждой.

**Отделение надзорной деятельности и профилактической работы № 17 по Шамильскому, Хунзахскому, Тляратинскому, Цунтинскому районам и Бежтинскому участку**

**Объявление**

Аттестат № А - 4076092 выданный Тохотинской средней школой **Магомедовой Азинат** 28.06.1998 году об окончании 9 классов утерян. Документ считается не действительным.

*Дин ва гIумру*

# ЖужахIалдаса цIунила, сиратIалдаса хъущтIиларо

## Къаси гIибадаталъе рахъиналъул хиралъи

**Нилъеда бихьулеб буго жакъасеб къоялъ мунагьаздаса цIунун чIей цIакъ захIматто букIин. Кинаб рахъалде ралагьаниги берал хIарамалде речIчIула, кинаб данделъиялде щваниги гъибат-бугътан камун батуларо. Нилъеца щибха гьабилеб гьединаб хIалалда? Хирияв аварагас (с.т.гI.в.) абулеб буго: «Мунагьал гIемерлъараб мехалъ, тавбуги гьабун, мунагьал чурулеб гIамал гIемер гьабе», – ян. Бищунго гьел мунагьал чурулеб гIамалаздасан ккола, гIадамал кьижараб мехалъ сардилъ рахъун гIибадат гьаби.**

Щайгурелъул, гьеб буго макьуги тун, рияалдасаги цIунун, щайтIаннапсги къезабун, гIицIго Аллагьасе гIоло гьабулеб гIамал. Гьединго, гьеб буго Аллагьас гьарараб жоялъе жаваб гьабичIого толареб гIужги.

Жинда свалат-салам лъеяв аварагас хIадисалда абулеб буго: «Нужеца сардилъ тIаде рахъиналда тIадчIей гьабе, нужеда цере рукIарал салафусалихIуназ, ай диналъул агьлулъун ругел лъикIал гIадамаз, тIадчIей гьабулеб букIараб гьезул гIадатги буго гьеб. Гьеб сардилъ тIаде рахъин нуж ТIадегIанав Аллагьасде гIагар гьарулеблъунги буго, нужер мунагь-хатIаъ чурулеблъунги буго, нуж мунагьалде ккеялдаса нахъчIвалеблъунги буго, нужер черхалдаса унтаби нахъе иналъе сабаблъунги буго», – ян.

ТIадегIанав Аллагьас Аварагасде ﷺ хитIаб гьабун абулеб буго: «Къаси тIаде вахъин, как базе, гIибадат гьабизе, цIалараб жо ракIалда чIезе, рекIелъ хIузур цIуниялъе цIакъго асар гьабулеб буго, хIакълъунго, къад къоялъ я МухIаммад! Дур гIемерал шугълаби, тIуразе кколел къваригIелал руго, гьединлъидал, мун къад гIибадаталде, Къуръан цIализе регIуларо, дуца гьелда тIадчIей гьабе къаси тIаде вахъун, дуца дурго БетIергьан Аллагьасул цIарги рехсе Къуръан цIалулеб мехалъ, ай Бисмиллагь бахъе», – ян.

Аяталда буго: **«Мун ТIадегIанав Аллагь рехсеялда даимлъе, Авараг ﷺ, батIалъи гьечIо къад букIана, къаси букIа, ай даимго Аллагь рехсеялда тIадчIей гьабе кинаб къагIидаялъ бугониги, ай тасбихIалдалъун букIа, алхIамдулиллагь абиялдалъун букIа, как баялдалъун букIа, гIелму-Къуръан цIалиялдалъун букIа»**, – ян.

Цогидаб аяталда буго: «Мун ТIадегIанав Аллагь рехсеялда даимлъе, авараг, батIалъи гьечIо къад букIана, къаси букIа, ай даимго Аллагь рехсеялда тIадчIей гьабе кинаб къагIидаялъ бугониги, ай тасбихIалдалъун букIа, алхIамдулиллагь абиялдалъун букIа, как баялдалъун букIа, гIелму-Къуръан цIалиялдалъун букIа», – ян. Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратида хирияв Аварагас ﷺ абуна: «Я Абугьурайра! Дуе бокьилищ дунялалдаги, ахираталдаги, хабалъги, мунгун цадахъ Аллагьасул рахIмат букIине?» – ян. Гьес жаваб гьабуна: «Бокьила, я Бичасул авараг», – ан. Цинги Аварагас ﷺ абуна: «Къаси тIаде вахъа ва Аллагьасе гIоло, гьесул разилъи тIалаб гьабун какал рай», – ян. Хадубги Аварагас ﷺ абуна: «Я Абугьурайра! Дуца дурго рукъалъул бокIназда какал рай, гьеб рокъосан зобалазде щвезегIан цIвабзазул гIадаб, гвангъараб нур букIина», – абун. Цогидаб хIадисалда абулеб буго: «Аллагь гурхIаги сардилъ тIаде вахъун жинца как барав, хадуб йорчIизе гьаюн жиндирго хъизаналдаги как базе гьабурав чиясда», – ан. Хирияв Аварагас ﷺ Абу-Зарр абурав асхIабасда абуна: «Я Абу-Зарр! Дица дуда бицинищ къиямасеб къоялъул халатаб сапаралда дуе пайда гьабулеб жо», – ян. Абу-Заррица абуна: «Бице, дир эбел-эмен дуе кьовудлъаяв ава-



раг», – ан. Аварагас ﷺ абуна: «БухIараб бакъги хIехьон кIал ккве тIаде рахъунеб къоялъ дуего кумек букIине, бецIаб сардилъ вахъун как бай, хабал бецIлъиялдаса хIинкъичIого вукIине, Аллагь кIодо гьавун хIежги гьабе, мискин-пакъирасе садакъаги кье, квешаб абаралдаса цIунун, хIакъаб жо бицуневлъунги вукIа», – ян. Абугьурайратица бицараб хIадисалда абулеб буго: «Паризаял каказда хадуб бищунго хирияб как, къаси тIаде вахъун балеб как буго», – абун. Абубакар абурав кIудияв гIарифуназул цояс бицана: «Нижеца гIумруялъ тIалаб гьабуна ункъо жо, нижеда гьеб батана ункъо жоялъулъ. Нижеца тIалаб гьабуна ТIадегIанав Аллагь разилъи, нижеда гьеб батана Аллагьасе мутIигIлъиялъулъ; нижеца тIалаб гьабуна магIишаталъулъ гIатIилъи, нижеда гьеб батана зухIаялъул как баялъулъ; нижеца тIалаб гьабуна дин сах-саламатго, бацIцIадго цIуни, нижеда гьеб батана кIал-мацI цIуниялъулъ, нижеца тIалаб гьабуна хабалъ нур батиялъе сабаб, нижеда гьеб батана ардилъ тIаде рахъун ралел каказулъ», – ан. РабигIат ал-ГIадавият абурай Аллагьасул кIудияй валиялъ, щибаб сордоялъ какиеги чурун, жиндирго росасда абулаан: «Дуе хIажатаб жо бугищ?» – ан. ГьечIин гьес абуни, гьей рогьинегIан гIибадаталда чIолаан. Сардил авалалда, ай как базе лъугьиналде, гьелъ абулаан: «Я дир БетIергьан Аллагь! ГIадамалги кьижана, зодор цIвабиги тIерхьана, дунялалъул ханзабаз жидерго рагьабиги къана, ай жанире руссана. Дур тавбуялъул гъафу къалареб буго БетIергьан, Дуца дир мунагьал чуре», – ян. Цинги как балеб бакIалда хIатIалги чIун абулаан: «Я БетIергьан Аллагь! Гьаб хIалалда дун Дуда цее чIезе йиго рогьинегIан, дун чIаго йигебгIан мехалъ», – абун. Абу-Жувайратица бицана: «Дица имам Абу-ХIанифалгун гьудуллъи гьабуна анлъго моцIалъ, гьениб цониги сордо букIинчIо гьес жиндирго хьибил ракьалда лъураб», – ян. Ибрагьим бин Адгьам абурав Аллагьасул кIудияв вали, цо сордоялъ Масжидул Акъсаялъув кьижун вуго, цинги гьесда рагIун буго Аллагьасул рахъалдасан бачIунеб гьатифалъул гьаракь: «Сардилъ гIибадаталъе тIаде вахъиналъ жужахIалъул цIаялъул бухIи свинабула, сиратIалъул кьодасан унеб мехалъ хIатIалги хъущтIизе толаро. Мун сардилъ тIаде вахъине кIвахIаллъуге», – ян. Гьелдаса хадуб хвезегIан Ибрагьимица сардилъ тIаде вахъун тун гьечIо. Салат Бин Ашим абурав салихIуназул цояс боголил как баралдаса хъахIлъи базегIан какилъги вахъун чIун, какдаса ватIалъидал абулаан: «Я дир Аллагь! Дуца дун жужахIалдаса цIуне, дун гIадав чиясе алжан гьари рекъараб гьечIо», – ян.

## Сардилъ тIаде рахъине бигьалъиялъе сабабал

1) Къад къоялъ кваналеб квенги, гьекъолеб лъимги дагь гьаби. Инсанасул кванирукъ бакIго бугебгIан мехалъ гьесда тIаде макьу цIала ва тIаде вахъине захIмалъула. Цере рукIарал табигIуназ абулаан: «Ле гIадамал! Нуж гIемер кванаге, гIемераб лъимги гьекъоге, гьелъ нужеде тIаде макьу цIала ва рухI бахъиялда аскIоб пашманаллъунги гьарула», – ян. Жинда Аллагь разилъаяв Суфяну Саврияс абуна: «Нужеца квен дагь гьабиялда тIадчIей гьабе, сардилъ тIаде рахъиналда нужер кверщел батила», – ян.

2) Къоялъ мунагьаздаса рикIкIалъи. Мунагьаз ракIалде къасават лъугьинабула, Аллагьасул рахIматалдаги лагьасдаги гьоркьоб пардавлъунги букIуна. Цо пуланав чияс жинда Аллагь разилъаяв ХIасанида абуна: «Дун унтиккваригIелъи гьечIого какие чуриялда кьижула ва кидаго къаси тIаде вахъине бокьунги букIуна, кинниги дир гьелда хIалкIоларо, гьелъие бугеб сабаб щиб?» – ан. Цинги ХIасаница абуна: «Гьелъие сабаб, дуца къоялъ гьарурал мунагьал руго, гьел мунагьаз мун вухьарав чи гIадин чIезавула», – абун. Адгьамил вас Ибрагьимида цо пуланав чияс гьикъана: «Дида сардилъ тIаде вахъине кIолеб гьечIо, гьелъие гьабизе дару бице», – ян. Ибрагьимица гьесие гьадинаб жаваб гьабуна: «Мун къад ТIадегIанав Аллагьасе гIасилъуге, ай мунагьал гьаруге, Аллагьас мун къаси жиндаго цеве чIезавила. Сардилъ тIаде вахъун ТIадегIанав Аллагьасда цеве чIей бищунго хирияб, тIадегIанаб жо ккола. Къоялъ БетIергьанасе гIасилъарав чи, гьеб тIадегIанаб хиралъиялъе мустахIикъав вукIунаро», – ян.

3) Къаде какалда цебе къай-лулат гьабун кьижи. Гьеб суннатаб буго, гьелдалъун къаси тIаде вахъине кумек букIиналдалъун. Ибну ГIабасидасан бицараб хIадисалда абулеб буго: «Къаде кьижиялдалъун къаси тIаде вахъине кумек букIуна», – ян.

4) Дунялалде хьулал къокъ гьарун, ахира-талъул захIмалъабазул ва жужахIалъул бухIиялъул пикру гьаби. Сугьайб абун цIар бугев гIабид вукIун вуго Басраялдаса, цо чIужугIаданалъул лагъ. Гьев тIубараб сордоялъ гIибадаталда вукIун кьижулев вукIун гьечIо. Цо къоялъ гьесда жиндирго хважаиналъ абун буго: «Даимго сардал рорчIиялдалъун, къад дие гьабулеб хидматалъе зарал кколеб буго», – ян. Сугьайбица жаваб гьабун буго: «Дица щибха гьабилеб, жужахI ракIалде щведал дир макьу тIурула», – ян.

5) Бусурбабаздехун хIасад гьабиялдаса ракIбацIцIад гьаби, гьединго, бидгIаялдаса, къваригIел гьечIел харбаздаса рикIкIалъи. Кидаго дунялалъул ургьалида, диналъул вацаздехун хIасадалда вугев чиясе къаси тIаде вахъине захIмалъула. ТIаде вахъаниги гьесда Аллагь ракIалде щоларо дунялалъул пикрабазда вукIиналъ. Гьединав чиясда абула: «Якъзаталдаги кьижарав», – абун. 6) Къад къоялъ къаси тIаде вахъине кIолареб хIалалъ хIалтIун черх сваказе гьабунгутIи. ЗахIматаб хIалтIи гьабиларо, гьелъ тIаде макьу цIала ва къаси вахъине захIмалъула. Аллагьас киназего гIибадат гьуин гьабеги ва чIахIиял вализабазул баракат камун тогеги. Амин.

## Руччабазул ахIи

ТIадегIанав Аллагьас хирияб Къуръаналъул «ан-Нисаъ» сураялъул тIоцебесеб аяталда абулеб буго (магIна): **«Ле, гIадамал! Нуж хIинкъа Аллагьасукьа, Жинца нуж цо рухIалдаса рижарав».** Гьелъул магIна ккола руччабиги бихьиналги ращадал рукIин, ай цояз цоял гIодорегIан гьаризе бегьунгутIи.



Жеги ТIадегIанав Аллагьас хирияб Къуръаналъул «аль-Исра» сураялъул 70-абилеб аяталда абулеб буго (магIна): «Нижеца Адамил лъимал тIадегIан гьаруна», ай Жинца бижанщинаб жоялдаса хирияблъун, тIадегIанаблъун гьабун буго Адамил лъимер. Адамил лъимер абураб рагIиялъ анире рачуна руччабиги бихьиналги. Хас гьабураб бакIалда рехсон рукIуна «бихьинчи», «чIужугIадан» абун.

Гьелде тIадеги, бихьинчиясда тIад гьабун буго чIужугIадан хьихьизе, гьелъие хIажатабщинабги чIезабун. Цо нухалъ сапаралда рукIаго жинда свалат-салам лъеяв аварагасда рихьана вараниялда тIад рекIарал руччаби ва вараничиясин абуни, гьеб цIакъ бекеризабулеб. Гьеб мехалда свалат-салам лъеяв аварагас ﷺ абула: «Дуца цIорол гъамасал раччулел руго, цIодорлъиялда баче варани», – абун. Гьедин Аллагьас ращад гьарун рижарал, жеги тIокIгицин гьарун ругел руччаби жакъа гIодорегIан

гьарулев чи щив – жалгойищ ялъуни цогидалищ?

ГIодорегIан гьарийин абураб рагIул магIналъун гьаб бакIалда ккола – халкъалда цере гьел реххи, гьезул цебе лъураб черхалдасан дармие пайда боси, гIарац гьаби ва гь.ц.

Дагъистаналъул шагьаразда гали бахъа-бахъаралъур руго рекламаби, гьелъул щибалда чIужугIаданги йиго бащдай толохIочарай. Гьел суратал гьарулел чагIазул жидерго руччабидай гьечIел, бокьилищ гьезие жидерго руччаби гьезул бакIалда лъезе?

Ялъуни, жийго чIужугIадан разияй ятани, гьей щай кантIизаюларей – чан суратал ругел нилъерго руччабазул, ай Шамил имамасул ракьцоязул? Капурал руччабазулгицин суратал щайдай нухнухалда чIвалел – хIакъаб жо, гьел сураташ Аллагь ракIалде щвезавуларо!

Дандекквезин Ставрополь шагьар – гIемерисел капурзаби жанир ругеб, бусурбаби дагьаб, ругелги гьедин абизе диналъул ургъел бугел гIемер гьечIел. Цо нухалъ гьеб шагьаралъул бищун халатаб къотIносан ине ккана дун. Гьениб чанго бакIалда ругоан социалиял рекламаби – кIудиязул адаб гьабизе, гьитIинازда гурхIизе ахIулел.

Бугоан реклама диваналъул, тIад бегун берцинаб кетоги бугоан. Дун гIажаиблъун хутIана – МахIачхъалаялда гьебго диваналъул рекламаялда катил бакIалда егун чIужугIадан йиго (эбелинсуда церецин лъимал регун рукIин нилъер диналда жаниб адаб тейлъун рикIкIуна), «ретIелалъул» бицинчIого телин! Телефоназул букIа, ресторанazul букIа, цогидаб къайиялъул букIа рекламаялъул гIемерисезда бихьинал руго. Руччабиго гьечIин гуро дун, амма нилъер гьанирrIан гIемерал ва «бакъалде реххарал» гьечIо.

Гьелдасан щибха бичIчIулеб? Дагъистаналдайищха руччаби гьадигIанго учузлъун ругел, рекламаялъе хIалтIизаризе? Бихьинчи гьоркьан ретIелалда гьорлъ къватIиве ваккани, гьев ахIмакълъун гьавулеб, руччаби гьоркьан ретIелгицин къабихIаб ретIун рихьизе бегьулеб – гьеб кинаб диналдаса босараб хIукму?

Нилъер кIудияв имам Шамилица гурищ абун бугеб: «Бихьинчи бихьинчилъун вугони, чIужугIадан чIужугIаданлъунги йикIуна», – ян. Чияр ругониги, щалали лъаларел ругониги, гьол руччабилъидал, бегьиларо гьел къабихI гьаризе, гьезда тIад релъизе. Руччабазеялдаса цIикIкIун гIакълу къурал бихьиназ щай гьел цIунуларел, щай гьезие гIакълу кьолареб, жидерго диван бичун иналъулги, рестораналде гIадамал рачIиналъулги гурони ургъел гьечIого, рекламаялъе руччаби лъолел бихьинал ругони, руччаби руччабилъунги рукIинаро. Свалат-салам лъеяв аварагас абун буго бихьиназда: «Аллагьас нужеде аманат гьарун кьун руго руччаби, нужеца гьеб кутакалда тIадчIун тIубай. Нужеда тIадаб буго гьезие квен ва ретIел кьезе», – абун.

Бихьиназдаса кидаго тIалаб гьабулеб жо буго руччаби цIуни, гьезул тIалаб гьаби, киданиги бегьуларо гьел инжит гьаризе, кварид гьаризе, гьезул яхI-намус гIодобегIан гьабулеб куцалъ гьездехун балагьизе. Гьедин бугебищха гьанже? Бокьарай чIужугIаданалда ккезе бегьула кIудияб шагьаралъул халатаб къотIноб, куц-мухъги белъараб, бетIералда кIазги бачIеб сурат жиндир лъун бугони, жий кутакай «цIва» йигин, цIар арай гIадан йигин. Гьеб букIина гьелъул гIакълу – бихьиназул гIакълу киб бугеб?

Берцинаб рагIиялъ, кантIизариялъ битIараб нухде рачIинчIел гIадамазде тIаде Аллагьас квешал чагIи тIамизе рес буго. ХIинкъизаюн бараб кIазалдасан гьелъие пайда дагьаб букIина, Аллагьасукьа хIинкъун баралъул Аллагьасда аскIоб пайда букIина. РачIа нилъеца нилъерго рокьоб гIадлу гьабизин, руччабиги битIараб нухда тIоритIизин, кантIизаризин, цIунизин гьел мекъи ккеялдаса.

КIочонге: эмен, вац, вас, рос, ниж руго нужеде божилъи гьабун тарал чагIи, тIалаб гьабе нижер!

**ГIайшат НУРМУХIАМАДОВА**

# Ругищ лъебелазул мугIрузда ядернияль нахърателал?






**Дагъистаналъул мугIрузул районазда гьал ахирисел соназда тIадеялдаса тIаде цIикIунеб буго онкологиялъ (рак унти) унтарал чагIазул къадар. Гьеб унти цIикIиналда сверухъ гIалимзабазул, врачазул, гIадатиял гIадамазул батIи-батIиял пикраби руго. Гьелъул суал гIемераб борхана чIахIияль данделъабазда, тохтурзабазул семинаразда ва хIатта республикаялъул Халкъияб собраниялдаги.**

Щаялиго гIемерисе рикIкIунеб буго, гьеб унти цIикIкIиналъе аслияб гIилла бугин хашаб экология. МугIрузул районазда онкология цIикIиналъе гIиллалъун гIемерисез рикIкIунеб буго Дагъистаналъул мугIрузда Советияб пачалихъалъ 1970-80 абилел соназда заралияб ядерниял хутIел рахчун рукIин.

Гьединаб пикру буго цо хасал чагIазул ва гьеб пикру кутакалда машгьурлъун буго хасго ЛъаратIа районалъул гIадамазда гьоркьоб. Гьел рехсарал соназда геологаз хIалтIи гьабулеб букIана ЛъаратIа, Ахты, Сергохъала, Рутул, ЦIунтIа районазда ва гьединго БежтIа мухъалдаги. Гьел киналго суалал кьезе ва бальголъаби тIатинаризе нижеца гара-чIвари гьабуна доб заманаялда ЛъаратIа районалъул мугIрузда хIалтIулев вукIарав геологазул цояв, ГIумариев ГIабдула абурав тумасулгун.

ГIабдула вукIана 1980-абилел соназул ахиралда ЛъаратIа районалъулгун Азербайджаналъул гIорхъода магIарда хIалтIулеб геологазул бригадаялда гьорлъ. Гьез цо хасаб бакIалда чамалиго батIияб хIалбихьи гьабуна борлъизе, амма щибаб нухалъ цин цIакъго бицатго ракьул хъал батун, цин борлъулел алатал рекун, хIалтIи гьоркьоб къотIулеб букIана. Гьесул рагIабазда рекъон, геологаз гьарулел хIалтIаби, хIукуматалъул тIалабазда рекъон, гIадамаздасан бальго цIунулаан доб мехалъ. Аслияб хIалтIи гьабулеб букIана ТIомуразул гIоргут жубалеб Сугъру гIор байбихьулеб букIалда, Кавказалъул кIудияб балалъул севералдехун. Ай, Лъимсверудаса нилъер рахъалдехун.

«МагIарда вугев вехьасда бихьулеб буго вертолетги боржун цо щибалиго жо добе рехулеб букIин, гьенисан бижараб буго дора бальгоял жал рахчун руго абураб пикруги. ХIакъикъаталда вертолеталъ рехулеб букIана гьенибе хIалтIухъабазе хIажатаб квен-тIех, ретIел-хьит, хIалтIул алатал ва гь. ц. Гьединлъидал мугIрузул районазда ругел гIадамазул гьел харбазда сверухъ бижун буго мекъаб пикру.

